

September 2022

2.1.1

New Jersey



COVID-19, Kit Enfòmasyon ak Resous

Rete Konekte. Jwenn èd.

2-1-1

New Jersey

NJ 211 bay asistans vennkat sou vennkat (24/24), sèt (7) jou sou sèt (7) gratis, konfidansyèl, ak an dirèk nan plizyè lang. Kèlkeswa metòd ou ta chwazi pou rantre an kontak ak nou an, w ap kapab kominike ak yon kominote ki chaje ak espesyalis ki gen aksè ak yon baz done resous ki gen pi plis pase sèt mil sis san (7,600) pwogram ak sèvis kominotè ki pote asistans bay moun ki bezwen èd ki gen pou wè ak bezwen primè yo tankou manje, sèvis piblik, lojman ki pa twò chè, èd pou lwaye, sante mantal ak fizik, pwoblèm ki lye ak konsomasyon sibstans, swen timoun, bezwen moun aje, asistans legal, transpò, sèvis pou moun ki andikape ak plis lòt bagay toujou.



SONE
2-1-1



EKRI
Kòd postal ou nan 898-211



TCHAT
www.nj211.org



FÈ RECHÈCH NAN
baz done resous la sou sit
nj211.org la



Mizajou sou COVID-19

Izolasyon ak karantèn: Vizite

bit.ly/nj211covidcalc pou jwenn aksè nan Kalkilatè Izolasyon ak Karantèn lan, k ap pèmèt ou detèmine pwochen etap ou yo yon fwa ou te ekspoze a yon moun ki te teste pozitif.

Boustè ak Vaksen: Moun ki gen laj 12 an oswa plis kounye a kapab jwenn yon dòz boustè COVID-19 bivalan, ki ta dwe resevwa de mwa apre boustè yo ki pi resan oswa seri prensipal yo. Boustè COVID-19 aktyalize sa yo ofri pi gwo pwoteksyon kont maladi grav ak lanmò ki fèt akòz souvryan Omicron. Vaksen COVID-19 Novavax la disponib pou moun ki gen laj 12 an oswa plis. Rete enfòm sou sit sa

bit.ly/covid19vacbooster



Pa rete grangou



Lojman ak pri lavi ki wo nan New Jersey ka fè li difisil pou gen ase lajan pou manje. Pwogram yo fèt pou konstwi yon avni ki pi an sekirite epi dirab pou oumenm ak fanmi ou, epi kwizin soup kominotè ak gadmanje atravè eta a kapab ofri èd imedyà. Kòmanse ak yon vizit sou bit.ly/nj211guidedfood epi chwazi nan kategori rechèch yo bay yo pou jwenn resous ki pi byen adapte bezwen ou yo.

Transpò

NJ 211 ofri transpò gratis oswa a pri redui atravè yon Pwogram asistans pou Transpò ki rele Wayd Younayed (Ride United)i. Ou kapab itilize Ride United la tou pou al fè tès COVID-19, ale nan randevou medikal yo, al travay, al chèche manje, asistans legal ak pi plis ankò. Tanpri konpoze 2-1-1 pou ou kapab planifye yon itinerè. Vizite bit.ly/nj211ride pou plis enfòmasyon. Ou ka chèche lòt opsyon transpò lè w antre tèm "transpò" nan baz done nou an sou entènèt.



Asistans Sèvis Piblik



Kòm Liy Dirèk USF/LIHEAP New Jersey ak yon enfòmasyon konplè ak sèvis referans pou tout bezwen sante ak sèvis imen, nou devwe pou ede nan tout fason nou kapab. Ou ka elijib pou resevwa èd sou bòdwo enèji ak dlo lakay ou. Aprann sou chak pwogram, kondisyon elijiblite, ak ki jan ak ki kote pou aplike. Vizite bit.ly/nj211utilityhelp.


Tès KOVID-19



Lokalizatè Kote yo fè tès
bit.ly/njcovidtest



Tès adomisil gratis
bit.ly/njhometest



Tès Piblik gratis
bit.ly/njpublictest

Swiv nou Sou Rezo sosyal yo



@nj211partnership



@nj211



@nj211partnership



SONE
2-1-1



TCHAT
www.nj211.org



EKRI
Kòd postal ou nan 898-211



FÈ RECHÈCH NAN
baz done resous la sou sit
nj211.org la



New Jersey